ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№101 (24.071) ● 2020 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 25, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мэкъумэш ІэнатІэм хыхьэ Іуэхущ1апІэр къыщыззрагъэпэщымрэ (е) щрагъэфІакІуэмрэ ягъуэта хэщІыныгъэхэм щыщ Іыхьэхэр зэрыхуапшныж субсидиехэр яхухэхыным теухуа Хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №172-ПП

2020 гъэм шыщхьэуІум и 17-м
Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«Мэкъумэш ІэнатІэм хыхьэ Іуэхущ1апІэр къыщыззрагъэпэщымрэ (е) щрагъэфІакІуэмрэ ягъуэта хэщІыныгъэхэм щыщ Іыхьэхэр зэрыхуапшныж субсидиехэр яхухэхыным теухуа Хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм мэлыхьыхьым и 22-м къыдигъэкІа унафэ №66-ПП-мкІэ къащтам, мы унафэм щІыгъу гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспорт ІэнатІэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №179-ПП

2020 гъэм шыщхьэуІум и 17-м
Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэщтэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспорт ІэнатІэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэу мы унафэм щІыгъур.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

● Ахъшэ

Пенсэ фондым и мылъкур зэрегъэзахуэ

Урысей Федерацэм и Къэзыбж палатэм зэрыхуигъэфащэмкІэ, УФ-м и Пенсэ фондым и мылъкур къемэщІэкІынщ сом мелард 559-рэ хуэдизкІэ.

ЭКОНОМИКЭ щІэныгъэхэм я кандидат, РАНХиГС Кавказ Ищхьэрэ институтым Экономикэмкіэ, управленэмрэ правэмкІэ и факультетым и декан **Ступниковэ Оксанэ** абы теухуауэ иІэ еплъыкІэр кьегъэлъагъуэ:

- Фигу къэдгъэкІыжынщ, ПФР-м и мылъкур нэхъыщхьэу къызыхэкІыр къэрал лэжьапІэ Іутым и улахуэм хэкІ социальнэ страховой ахъшэр зэрыарар.

Дунейм къыщыхъуа эпидемие щытыкІэм кьыхэкІыу, ІэнатІэ куэдым я лэжьакІуэхэр яутІыпщын хуей хъуащ, улахуэ иратакъым, абы ипкъ иткІэ, Пенсэ фондми взносхэр Іэрыхьакъым. Къыщынэмыщ1ауэ, хьэрычтыщІэхэм я Іуэхур ядиІыгъын щхьэкІэ, апхуэдэ взносхэр пІалъэкІэ ящхьэщихащ икІи страховой взносыр процент 30-м къыщыщІэдзауэ 15-м нэс игъэмэщІащ. А щхьэусыгъуэхэращ ПФР-м и ахъшэр кьемэщІэкІ щІэхьэр.

Бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъэмкІэ, блэкІа мазихьм ПФР-м ахъшэу кьыхэхъуар процент 15-кІэ нэхъыбэщ блэкІа гъэм и апхуэдэ пІалъэм зэхуихьэсам нэхъри. Ауэ ар къызыхэкІар федеральнэ бюджетым кьыхуиутІыпщ мылъку Іыхьэр нэхъыбэ зэращІарр. Ар мы гъэм процент 50-м ноблагъэ, блэкІа илъэсым процент 38-рэ кьыхуаутІыпщауэ аращ.

Федеральнэ мылъкум кьыхэкІ ахъшэр нэхъыбэу ПФР-м кьыщІыхуаутІыпщыр пандемие щытыкІэр гугъу зэрыхъурэ щІыхьэхэм ядэІэпыкъун папщІэ ахъшэ нэхъыбэ ят зэрыхъуарщ. Ар зи ныбжьыр илъэси 3-м щегъэжьауэ 16-м нэс сабийхэм ират сом мини 10-хэрщ, илъэси 3-м нэс зи ныбжьхэм ират сом мин тхурытхущ.

Апхуэдэу екІуэкІмэ, Пенсэ фондым и ахъшэр кьыІэщІауэхэмкІэ хъунущ. ИтІанэ нэгъуэщІ хэкІыпІэхэр кьалъыхьуэн хуеинущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Щапхъэ

ЩІэблэр дыщэидэм, жьакІуагъэм хуагъасэ

Урысейпсо цІыхубэ фронтым (ОНФ) и «Равные возможности - детям» проектым хыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и волонтёрхэм ныбжьыщІэхэмрэ гупыж зиІэ балигъхэмрэ хуагъасэ дыщэидэ, дыщэкІ, ІэпІэсагъэм ехьэлІа пасэрей Іэщ1агъэ дахэхэм. Щ1эблэр а унэтІыныгъэхэм хагъэгъуэзэным теухуа мастер-класс гъэщІэгъуэнхэр махуищкІэ иратгъэкІуэкІащ. Абы жьыдэжру хэтащ зи ныбжькІэ зэщхьэщыха пщащэхэр.

ЦІЫХУИБЛЫМ щыщІэдзауэ пщІым нэблагъэу къызэрагъэпэща ныбжьыщІэ гупхэм ядэлэжьащ. КІэбышэ Алинэрэ Къущхьэ Іэсиятрэ. ПщІэншэу къызэрагъэпэща дерсхэм ятеухуа хьэбархэр интернетым щызэбграгъэкІащ, гукъыдэж зиІэ псори ІэпІэсагъэм хэзыгъэгъуазэ Іуэхугъэхэм екІуэлІэну Іэмал яІэн папщІэ.

А зэхьыхьэхэм я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хъуар хъыджэбзхэм зэрызагъэдахэ цІугъэнэхэмрэ хьэпшып цІыкІуфэкІухэмрэ езыр-езыру ящІыфу, дыщэидэ, уагъэ, хэдыкІ ІэпІэсэ Іэщ1агъэхэр зрагъэщІэну зэрыщІэхъуэпсырщ. Бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ цІугъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэр гъущІым кьыхэІущІыным ехьэлІа дэтхэнэ зы хуэжьеныгъэ дерсри сыхьэтищым щыщІэдзауэ тхум нэблагъэкІэ екІуэкІащ, дыщэидэм хухахаэми хуэдэу. А зэхуэсхэм пщащэхэм щІэ куэд къыщащІащ.

Иужьрей мастер-классхэр езыгъэкІуэкІар проектым и волонтёр Къущхьэ Іэсиятщ. Абы зэрыжиІамкІэ, щІыналъэм ис щІалэгъуалэр лъэпкъхэм кьадекІуэкІ дыщэидэ Іэщ1агъэм куэд щІауэ дахьэх икІи а ІэпІэсагъэм республикэм исхэр хэгъэгъуэзэным, абы зыщагъэужьыныр щхьэпэу кьалъытэ. Аращ унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ мастер-классхэр иджыри кьызэрагъэпэщ1ыну щІауБзыхуар. Апхуэдэ дерсхэр зыфІэгъэщІэгъуэну екІуэлІа дэтхэнэми ехъулІэныгъэхэр зыІэрагъэхьащ. Псом хуэмыдэу ахэр кьахуэсэбэпынущ а пасэрей Іэщ1агъэхэм хуеджэну зи мурадхэм.

Къыщынэмыщ1ауэ, Урысейпсо цІыхубэ фронтым (ОНФ) и «Равные возможности - детям» проектым хыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и волонтёр жыджэрхэм жьакІуагъэмкІэ мастер-класс кьыхуззрагъэпэщащ Налшык къалэм и гимназие №24-м и гъэмахуэ лагерым зыщ1ызыгъэпсэху ныбжьыщІэхэм.

Зэхьыхьэр ирагъэкІуэкІащ 2 - 8 классхэм щІэс еджакІуэхэм папщІэ. Абы къриубыдэу ныбжьыщІэхэр Іуэху зэІумылІэужьыгъуэхэм «хэхуащ» икІи дипломат Іэмалыр кьагъэсэбэпурэ хэкІыпІэхэр кьагъуэтащ. Апхуэдэт цІыху акъыльфІэхэм я жьІэгъуэхэр зэпкърыхьныр, театр теплъэгъуэ гъэщІэгъуэнхэм щыджэгуныр, жьакІуагъэмкІэ и лъабжьэхэм зыхэгъэгъуэзэныр.

Ныбжьыщ1эхэм кьыхуэзІуахащ жьакІуагъэм и щхьхэр - цІыху гупым я пащхьэм умышынэу икІи зэхуэсахэр уи псалъэхэм дахьэхьу укъызэрыщыпсэльэну Іэмалхэр. Лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэу 25-м ящыщ еджакІуэхэр зэкІуалІэ гимназием щынэхъыщ1ыхьэу кьагъэлъэгъуар ныбжьыщІэхэм яку ныбжьэгъуГэрэ зэгурыІуэрэ дэлъу кьызэдекІуэкІныныр.

Дерсхэр езыгъэкІуэкІахэм кьыхагъэщащ пщІэдзэ, курыт классхэм екІуалІэхэм щІэныгъэр занщІэу «зыщІашэ» икІи жьакІуагъэм хуеджа ныбжьыщІэхэм класс нэхъыжьхэм ар Іэщ1агъэ ящІыну мурад ящІмэ, кьахуэщхьэпэжынущ.

Ныбжьыщ1эхэм дерсхэр щІэщІагъуэ ящІыхьащ, псалъэухахэм я къэпсэльыкІэр егъэфІакІуэным, цІыхухэм я пащхьэм кьыщІыпсэльэным екьэлІа лъжьыгъэхэр яфІэгъэщІагъуэну ирагъэкІуэкІащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Урысейпсо цІыхубэ фронтым и «Равные возможности - детям» проектыр 2017 гъэм и Іуэтхэпэ мазэм кьыхаухьащ, гупжьей зэмылІэужьыгъуэхэм екІуэлІэну дэтхэнэ зы сабийми Іэмал иІэн папщІэ. Кьыжьыпхъэщ, ар гъэзэщІэным къэралым и щыналъэ псоми иджыри зэрыщыпащэр икІи абы хьыхьэу еджакІуэхэр республикэм и Іуэхущ1апІэхэм я щынэ, творческэ мастер-классхэр, прикладной гуэязджэм и Іэпщ1ал ъапащІхэм я зэІущІэхэр кьыхуэзрагъэпэщыну зэраубзыхуар.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Къэрал ныпым и къарур

Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм Налшык къалэ ведомствэм щІэмыт и хъумакІуэ ІэнатІэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ, полициим и полковник КІарэ Заур щыщхьэуІум и 22-м къулыкъум пэрыхьэну гуп щхьэхуэр щигъэгъуэзащ а махуэм ягъэлъапІэ Урысей Федерацэм и къэрал ныпым теухуауэ Конституцэм къыщыгъэлъэгъуам.

ОФИЦЕР нэхъыщхьэм я лэжьакІуэхэм ягурагъэІуащ плъыфищу зэхэт Урысейм и ныпым и мыхьэнэр, апхуэдэу яги кьиГъэкІыжащ хабзэр кьызэпызыуду ар къэзыгъэсэбэпхэм УФ-м и законкэм кьызэрыщыгъэлъэгъуам тету жэуап зэрихьынур.

- Къэралыгъуэм и сыт хуэдэ махуэшхуэри мыхьэнэ ин зиІащ, ЛІыгъэм, Хэкум худи1э пэжьигъэмрэ фІыльагъныгъэмрэ я нэщэнэщ, лъэпкъхэм и псэкупсэ кьарумрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я лъабжьащ. Апхуэдэ махуэшхуэхэм къэралымкІэ диІэ гушхуэныгъэм хегъахьуэ, Урысейм и кьэкІуэнум фІыкІэ дыхуегъаплъэ. УФ-м и къэрал ныпым и махуэм кьуаншагъэ зезыхьэхэм, хабзэр кьызэпызыдэкІ екІурабгъуншэу фахущыт, хэкупсэ гурыщІэхэр фымыгъэпщкІуу хэкум и дамыгъэ пІалъэхэм пщІэ зэрахуэщІыпхъэм и щапхъэ кьэвгъэлъагъуэ, - захуигъэзащ Урысей гвардием кьулыкъу щызыщІэхэм КІарэ Заур.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Гъэугу къежьапІэ

Къущхьэунэ Алинэ куэд хузэфІокІ

Ди щІыналъэм щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм, курыт Іэщ1агъэрэ щІэныгъэрэ щызрагъэгъуэтхэм я студент нэхъыфІхэр илъэс зыбжанэ ландэрэ хэтщ «Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэр» (WorldskillsRussia) зэпеуэ иным. УФ-м хьыхьэ щІыналъэхэм нэхъапІэуэкІэ щекІуэкІакІэщ щ1ыпІэ зэхьэзэхуэхэр. Абыхъэм щытекІуэхэр иджыблагъэ щызэІущІащ Ярославль къалэм. Абы дэт педколледжым щекІуэкІащ лъэпкъ чемпионатым и кІэух Іыхьэм хэтынухэр къыщыхах зэхьэзэхуэ.

ЗЭПЭІЭЩІЭ щытыкІэм иту къызэрагъэпэща зэпеуэм хэтащ УФ-м и щІыналъэ 70-м щыщ ныбжьыщІэ 345-рэ. Абы кІуэну зи насып кьикІаехэм ящыщщ зэхьэзэхуэм зэфІэкІ лъагэхэр кьыщызыгъэлъэгъуа, КъБКъУ-м и педколледжым и студентхэ Къущхьэунэ Алинэ. «Пэщ1эдзэ классхэм я егъэджакІуэ» Іэщ1агъэр зэзыгъэгъуэт пщащэм урысыбзэмкІэ дерс зэІуха кІэщІ итащ, интерактивнэ Іэмэпсымэхэр кьиГъэсэбэпу. Алини абы хуэдэ егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэми я зэфІэкІыр кьапщытащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэнатІэм и щхьхэм фІыуэ хэзыщыкІ эксперт щІэрыІуэ 35-м. Абыхъэм яхэтащ КъБКъУ-м и лІыкІуэ Кузьменкэ Людмилин.

- Іуэхум нэхъ гугъу дыдэу хэлъар кьагъуэва мардэхэм тету абы зэпэІещІэу хэтынырат, лэжьыгъэр кьызыхуэтыншэу кьэпщытакІуэ гупым я пащхьэ илъхьэнырат, - зэпеуэм тепсэлъыхьу жеІэ Алинэ. - А псори зэпэщ хъуа нэужь, дакъикъэ 20-м хъриубыдэу дерсыр тыныр, уи Іуэху зехьэкІэр бгъэлъэгъуэныр апхуэдэуи хьэлъэкъым.

Кьыхэгъэщыпхъэщ зэпеуэм хэта Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэр ягъэззэщІэн хуей кьызэрапщытэ лэжьыгъэхэм я темэхэм щымыгуаззэу, экзамен дыдэм хуэдэу абы зэрыхэтар. Алинэ зэрыжиІэмкІэ, ар, уеблэмэ, хьэлэмэтщ, сыту жьІэнмэ уи зэфІэкІыр, уи щІэныгъэр здынэсыр занщІэу абдеж наІуэ щохъу.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, Къущхьэунэ Алинэ яхэхуащ зэпеуэм нэхъыфІу кьышщалъытахэм. Ар хэтынщ онлайн мардэм тету фокІадэм и 6 - 21-хэм екІуэкІыну кІэух зэхьэзэхуэм. Адыгэ пщащэ Іущым дохъуэхъу къэралпсо утыкуми екъулІэныгъэ лъагэ щызыІэригъэхьэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Хъыбар гуапэ

Гъэ еджэгъуэщІэм зыхуагъэхьэзыр

Ди къэралым и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым иужьрейуэ зыщыхуигъэзам къыхуигъэщауэ щытащ курыт школым и еджапІэрати, иджы ар щылэжьэнущ школ пщІантІэм дэт унэщІэм, зыхуей-зыхуэфІ псомкІи кьызэрагъэпэщауэ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ, Аруан районым щылажьэ курыт школхэм нэхъапэми сабийхэр пщІэншэу щагъашхэу зэрыщытар. Пэщ1эдзэ классым щІэсхэр, кьинэмыщ1ауэ, бын унагъуэшхуэхэм ящыщ еджакІуэхэр, апхуэдэуи зи узыншагъэм сэкъат иІэ ныбжьыщІэхэр гъэшхэным щыщІпІэ администрацэм илъэс зыбжанэ ландэрэ мылъку хухех.

Къэрал гупльитэ зыгъуэта а Іуэхур щыналъэм мы зэманым нэхъри щефІэкІыращ. Аруан районым и еджапІэ псори хуэхьэзырщ гъэ еджэгъуэщІэм и пщІэдзэ дыдэм кьыщыщІэдзауэ ныбжьыщІэхэр гъэшхэным.

КЪАРДЭН Маритэ.

Кинохэм я жэщ

Хабзэ зэрыхъуауэ, «Ночь кино-2020» урысейпсо Іуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынущ.

АБЫ хыхьэу КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм щыщхьэуІум и 29-м урысей фильмхэр пщІэншэу игъэлъагъуэнущ. Мы гъэм ар етхуанэу кьызэрагъэпэщ.

Сыхьэт 20-м щыщІэдзауэ къэралым и щІыналъэ псоми я утыкухэм гукъыдэж зиІэ псоми я пащхьэм щагъэлъэгъунущ 2020 гъэм и урысей фильм нэхъ щІэупщІэ зиІэхэм ящыщу кинофондыр и дэІэпыкъуэгъуу кьыдагъэкІахэр. Апхуэдэхэщ «Холоп» комедиер, «Лёд 2» мелодрамэр, «Иван царевич и Серый Волк 4» анимацэ фильмыр.

Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и район, кьалэ 14-м я утыкуэм щагъэлъэгъунущ, коронавирусым кьыхэкІыу Роспотребнадзорым игъэува шынагъуэншагъэм и хабзэм тету. Фигу къэдгъэкІыжынщи, Іуэхум хьыхьэ гъэлъэгъуэныгъэхэр пщІэнщэщ.

Сыхьэт 20-м щІидзэу а фильмхэр щыщхьэуІум и 29-м щекІуэкІынущ Налшык къалэм и «Победа», «Форум», «Кругозор» кинотеатрхэм, Бахъсэн, Май, Прохладнэ, Тэрч, Тырныауз, Нарткъалэ, Дзэлыкъуэкъуажэ, Къэщкъэтау, Къэрэгъэш, Арщыдан, Анзорей жылагъуэхэм щэнхабзэмкІэ я унэхэм.

БЖЫХЬЭЛІ Роза.

Нобэрэ пщэдейрэ

Щыщхьэуіум и 25, *гъубж*

♦Дзыгъуэнэфым и дунейпсо мазэм

♦Бразилием щагъэлъапІэ сэлэтым и махуэр

♦Китаим щагъэлъапІэ зэгуэкІуахэм я махуэр

♦1609 гъэм Италием щыщ физик, астроном Галилей Галилео цІыхухэм ярагъэлъэгъащ и Іэмэпсымэщ1эр - телескопыр.

♦1919 гъэм дунейм щыяпсу Лондон - Париж гъуэгуанэм кьхъхьлатэхэр трагъэуващ икІи пІалъэ пыухыкІам тету рейсхэр ягъэзащІэу щІадзащ.

♦1944 гъэм Берлин и Плётцензее гъэрэщым щауКІащ фашизмэм и бий гупым щыщхэр. Абыхъэм яхэтащ тэтэр усакІуэ, иужькІэ «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэр зыфІащыжьа Джалиль Муса.

♦1944 гъэм Франджмэ и кьалащхъэ Париж нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ.

♦1949 гъэм Москва кьыщызэІуахащ мамырыгъэм и телъхьэхэм я ятІэ Союзпсо конференцыр

♦1960 гъэм Италием и кьалащхъэ Рим кьыщызэІуахащ XVII гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр фокІадэм и 11 пщІондэ екІуэкІащ.

♦1973 гъэм томографэ Іэмэпсымэр ятеухуа кьагъэсэбэпащ.

♦1990 гъэм Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэм хэІущІыІу ищІащ я щІыналъэр Курэжьым и унафэм зэрыщІэмытыжьыр.

♦1991 гъэм Белоруссиер кьэрал щхьэхуэ зэрыхъуам теухуа унафэ кьащтащ.

♦1997 гъэм УФ-м и Президент Ельцин Борис Іэ щІидзащ «Культура» урысейпсо кьэрал телеканалыр кьызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦Рюриковичэ ящыщ ятІэ урыс пащтыхь, адыгэ мальхъэ **Иван IV Грозный** кьызэралъхурэ илъэс 490-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, актёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Данелие Георгий** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Инджылыз, америкэ кинокарёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща **Коннери Шон** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Тереховэ Маргаритэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, продюсер, УФ-м и цІыхубэ артист **Соловьёв Сергей** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Футболист, гъэсакІуэ, СССР-м спортымкІэ и мастер, «Рубин» командэм и тренер нэхъыщхьэ **Бердыев Курбан** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Нейрохирург, медициндж щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Семэн Жаннэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Публицист, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщІ **Къэзанш Людмилэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Нэмыцэ модель, актрисэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Шиффер Клаудие** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пщІэр техьэ-текІыу щыщынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

Щыщхьэуіум и 26, *бзэрэжьей*

♦Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦Осетие Илщэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦Тыркум Іэщ1кІэ зэщІэуэзэда и къарухэм я махуэщ

♦США-м щагъэлъапІэ цІыхубзхэм я хуитыныгъэм и махуэр

♦1382 гъэм тэтэр хьан Тохъутэмыщ и дзэм Москва кьиубыдащ икІи абы лІигъэ иридзащ. Абы кІэлъыкІуэу яубыдат Владимир, Переяславль, Юрьев, Звенигород, Можайск кьалэхэр.

♦1723 гъэм Петергоф псыутхэр щауТІыпщащ.

♦1728 гъэм Америкэмрэ Азиемрэ я псыджьыпІэр кьихутащ. Зэман дэкІри, абы кьэхутакІуэм и цІэр фащащкащ.

♦1858 гъэм телеграф Іэмэпсымэр ятеухуа кьагъэсэбэпауэ щытащ

♦1943 гъэм советыдзэм щІидзащ Днепр псыр нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм кьалэщІэгъэкІыжьыным, Украинэм щыщ Іыхьэр хуит кьэщІыжьыным хуэунэтІа зауэм.

♦1972 гъэм Германием и Мюнхен къалэм кьызыщІэІуахащ XX гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. ФокІадэм и 10 пщІондэ екІуэкІа а зэхьэзэхуэхэм хэтащ къэрал 121-м я лІыкІуэу цІыху 7170-рэ. Олимпиадэр здекІуэкІым нэщхъеягъуэшхуэ кьхъуат - Израильм и командэм щыщ цІыху 11 хэкІуэдауэ щытащ журтхэм яхуэгъэзауэ ялэжьа теракТым.

♦1908 гъэм Тыркум ятІэ Адыгэ Хасэ кьыщызэрагъэпэщащ.

♦1991 гъэм РАН-м прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтыр кьызэІуахащ.

♦Америкэр зэрыщыІэр кьэзыхута Колумб Христофор кьызэралъхурэ илъэс 569-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, оператор, актёр, композитор, фильм зыбжанэм я сценарийхэр зытха **Тодоровский Пётр** кьызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, Педагогикэ егъэджэныгъэмкІэ дунейпсо академием и член-корреспондент **Зэгъэщтокъуэ Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Арлазоров Ян** кьызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦«Тетрграф» ООО-м и унафэщІ, ДАХ-м и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Шакъ Еберд** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджьІакІуэ, музыкант, композитор **Земфирэ** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гъуэмылэпэрэ шыпэтесрэ уахуэмыбёлэрыгъ.

ЛІыхъужь и лъэужь кІуэдыркъым

Къущхьэ Сэхьид щІэблэ игъэтыным хэупабгьэу илъэси 10-кІэ псэуат. Абы иужькІэ къалъхуа сабиитІри щІэх дыдэу лІэжат. Ещанэм щыпэплъэм, апхуэдэ гузэвэгъуэ иджыри къалъэмыІэсын папщІэ, адыгэхэм я фІэщ хъууэ, сэбэп къахузхъуу щыІэ нэщэнэхэр зрагъэщІащ. Абыхэм языхэзым ипкъ иткІэ, сабий къалъхуагьащІэр занщІэу кІыщым яхьу, гъущІ гъэплъар зэрагъэупщІыІу псымкІэ ягъэпскІыу, «кІыщ» хэту цІэ фІащын хуейт. Алыхьым къарита щІалэ цІыкІум апхуэдэ хабзэхэр кІэпльэзрахьэри, КІыщыкъуэ фІащащ.

Къущхьэ КІыщыкъуэ Сэхьид и къуэр

ЩІАЛЭР, Тхьэм уэзрелъэІун жьыхуаІэм хуэдэу, жану, нэжэгужэу, гурыхуэу, жьІэдаІуэу къэхуащ. Ар дунейм къытехьат 1923 гъэм накъыгъэм и 1-м. Абы иужькІэ къалъхуащ Гъумар, Замилэ, нэхъыщІэ дыдэу Мухьэжид сымэ.

Хуэхъулейтхъэм Сэхьид и бынунэр, ауэ унагъуэшхуэ зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу, щхьэж хуэзфІэкІыр ищІэу, яшхьнрэ ящІэнрэ ягъуэту къэгъуэгурыкІуащ. Адэ-анэм бынхэм ткІийуэ хуагъэувырт адыгэ хабзэм тету: нэхъыжьхэм, цІыхубзхэм, сабийхэм гулъытэ, пщІэ хуащІу, езыхэр зэрыІыгъуу, нэмыс яхэлъу псэуну. Сэхьид лэжьигъэр фІыуэ илъагъурт, бзэ Іофі Іурылът, псэльэрейтэкъым, жиІар сыт щыгъуи игъэззщІэжырт. Абы фІыуэ илъагъурт икІи гукІэ ищІэрт цІыху губзыгъэхэм я псалъэ Іущхэр - псом хуэмыдэу Къэзанокъуэ Жбагъы, Нэгумэ Шорэ сымэ къытхуагъэна псалъэжьхэр. ПІэщІыгъуэ блэкІам, 20 - 30 гъэхэм псэунигъэр нэхъ гугъуу щыщытам, Къущхьэхэ я гъунэгъухэм гу лъатэрт, адэм унагъуэ Іуэхухэр сабийхэм ящхьэщихыурэ, езджэным нэхъ егугъуным зэрыхуиущІым.

Абыхэм кІэщІу жэуап яритауэ щытащ Сэхьид: «Зэманым псори къитгъэлъэгъунэщ». ИкІи мыгувэу ар тхьэмахуитІ нэхъ дэмыкІыу, зауэм ираджащ. Краснодар дэт дзэ училищэм мазихкІэ щеджэри, зенитгъаэр взводым и батареем и командиру щытащ.

Зауэ нэужьым КІыщыкъуэ къыхуагъэфэщащ Дзэ академием щІагъэтІысхьэну, ауэ, адэ-анэм я лъэІукІэ, абы къигъэзэжащ щалъхуа щыналъэм. Іуащхьэмахуэ райкомым и къудамэм и унафэщІу, секретару лэжьащ. Къэбэрдей къэрал педагогикэ институтыр, Бгырыс мэкъумэш институтыр кьиухащ. 1950 гъэм и ныбжьыр илъэс 27-м иту КІыщыкъуэ Тэрч райкомым и япэ секретару хахащ. ЗэфІэкІ хъарзынэ зэриІэм гу лъатэри, обкомым и мэкъумэш къудамэм и унафэщІу мыгувэу Налшык къашэжащ.

Зэман дэкІри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомым и секретару, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщІу хахащ. КъБР-м и Правительствэм КІыщыкъуэ щылэжьащ илъэс 21-кІэ. Абы щыщу илъэс 15-кІэ Правительствэм и УнафэщІу (1969 - 1984 гъгъ.), щэнейрэ КПСС-м и съездэхэм я делегату щытащ. КъБАССР-м, РСФСР-м, СССР-м я депутату илъэс 30-кІэ екІуэкІащ.

НыбжькІэ нэхъыжьхэм ящІэж, а илъэсхэр республикэм и зыужьныгъэшхуэ зэману зэрыщытар: экономикэм, щІэныгъэм, узэншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, цІыхухэм я гукъэкІыгъэ зэрыщытар. Ар цІыху гуапэу, емызэщу сабийхэм якІэлъыплъу, зыхуей хуигъазэу, бзэ дахэ Іурылъу, адыгэ хабзэм, нэмысым гулъытэ хуищІу къытхэтащ. И анэ Кулижан пщащІэт. Ерыскъыл Іофхэр цІыкІухэм яхуигъэзэзырт. КІыщыкъуэрэ сэрэ ткІэрымыкІыу, зэран тІэкІуи къытхуэхъуу, КІыщыкъуэ и къуэш нэхъыщІэ Мухьэжид цІыкІу ди гъусэт. КІыщыкъуэрэ сэрэ школ зырызым дыщеджэрт, ауэ я обкомым и секретарь щхьэкІэ школ псомэ нэхъыфІ дыдэу еджэу зи цІэр ираІуэр зэрыарар.

1937 гъэм еханэ класситхум щыщу зы ебланэ класс еджакІуэ 47-рэ хъууэ зэхагъэтІысхьэри, КІыщыкъуэрэ сэрэ зэгъусэу дыззеджэ хъуащ. Дызэрызэджа илъэсиплІым сэ быдэу мурад сщІат едзэнымкІэ абы зыкъыкІэрызмыгъэхуну. АрщхьэкІэ схуэзфІэкІакъым, етІуанэ уявпІэр къыскъуэхьауэ аращ. ИлъэсиплІым къриубыдэу еджакІуэ 47-м ящыщу ялэ дыдэу 1941 гъэм къуажэ щхьпэ къэзыуахуэ щытар цІыху 11-т, тІум щытхъу тхьлъ и гъусэу - КІыщыкъуэрэ сэрэ - аттестатхэр кьыдатыжат. Къуажэмэ, колхозми, районми я унафэкІэ гуфІэгъуэ пщыхьэщхьэр мэкъуаугъуэм и 21-м щІадзэри, щІалэгъуалэр иджыри зэбгрымыкІыжауэ, радиом кьитащ нэмыцэхэр кьиэзрытеуар. Псоми ди мурад дахэхэр зауэм зэтрикъутащ.

...Си ныбжьэгъу КІыщыкъуэ зауэм къикІыжащ капитану, зенитгъаэр батареем и командиру, орден льапІэу плІы хэлъу. Зауэ нэужьым кьулыкъу лъагэхэр зэрихьащ, илъэс куэдкІэ Правительствэм и унафэщІу щытащ.

ГЪУКІЭЛІ Хъусен.
1993 гъэ

Налшык щохьэщІэ къыргъыз тхакІуэ цІэрыІуэ Айтматов Чингиз. *1977 гъэ*

РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессием хэтщ. *Москва, Кремль, 1980 гъэ*

Абы япэ сищыфакъым

Зеикъуэ къыщыдзэІуаха колхозым и пионер лагерым 1936 гъэм КІыщыкъуэ къыщысцІыхуащ. ИкІи гум имыкІыж ныбжьэгъу пэжу сиІащ ар псэуху. Лагерым гъэсэныгъэм, сабыру загъэпсэхуным кІэлъыплъу тест КІыщыкъуэ и адэ Сэхьид. Ар цІыху гуапэу, емызэщу сабийхэм якІэлъыплъу, зыхуей хуигъазэу, бзэ дахэ Іурылъу, адыгэ хабзэм, нэмысым гулъытэ хуищІу къытхэтащ. И анэ Кулижан пщащІэт. Ерыскъыл Іофхэр цІыкІухэм яхуигъэзэзырт. КІыщыкъуэрэ сэрэ ткІэрымыкІыу, зэран тІэкІуи къытхуэхъуу, КІыщыкъуэ и къуэш нэхъыщІэ Мухьэжид цІыкІу ди гъусэт. КІыщыкъуэрэ сэрэ школ зырызым дыщеджэрт, ауэ я обкомым и секретарь щхьэкІэ школ псомэ нэхъыфІ дыдэу еджэу зи цІэр ираІуэр зэрыарар.

1937 гъэм еханэ класситхум щыщу зы ебланэ класс еджакІуэ 47-рэ хъууэ зэхагъэтІысхьэри, КІыщыкъуэрэ сэрэ зэгъусэу дыззеджэ хъуащ. Дызэрызэджа илъэсиплІым сэ быдэу мурад сщІат едзэнымкІэ абы зыкъыкІэрызмыгъэхуну. АрщхьэкІэ схуэзфІэкІакъым, етІуанэ уявпІэр къыскъуэхьауэ аращ. ИлъэсиплІым къриубыдэу еджакІуэ 47-м ящыщу ялэ дыдэу 1941 гъэм къуажэ щхьпэ щыщу къэзыуахуэ щытар цІыху 11-т, тІум щытхъу тхьлъ и гъусэу - КІыщыкъуэрэ сэрэ - аттестатхэр кьыдатыжат. Къуажэмэ, колхозми, районми я унафэкІэ гуфІэгъуэ пщыхьэщхьэр мэкъуаугъуэм и 21-м щІадзэри, щІалэгъуалэр иджыри зэбгрымыкІыжауэ, радиом кьитащ нэмыцэхэр кьиэзрытеуар. Псоми ди мурад дахэхэр зауэм зэтрикъутащ.

...Си ныбжьэгъу КІыщыкъуэ зауэм къикІыжащ капитану, зенитгъаэр батареем и командиру, орден льапІэу плІы хэлъу. Зауэ нэужьым кьулыкъу лъагэхэр зэрихьащ, илъэс куэдкІэ Правительствэм и унафэщІу щытащ.

ГЪУКІЭЛІ Хъусен.
1993 гъэ

Зэманым къыхэхъукІа

Къущхьэ КІыщыкъуэрэ абы и унагъуэшхуэмрэ дэ тпэгъунэгъуу псэуащ. Республикэм и парт, совет правительствэ ину щыт пэтми, КІыщыкъуэ кьиэзрыгуэкІт, зи гури зи псэри зэІуха цІыхут.

КЪЫХЭЗГЪЭЩЫНУ сыхуейщ и ныбжькІэ нэхъыжь, а зэманым пенсэм щыса ди адэм абы пщІэшхуэ хуищІу зэрыщытар. Зэи щыгъупщэртэкъым си адэмрэ анэмрэ мазхуэшхуэзэмкІэ, псом хуэмыдэу, щакІуэгъуэм и 7-мкІэ, ТекІуэныгъэм и махуэмкІэ къехъуэхъуну. Ди адэм дэ, и бынхэм, ар щапхъэу кьытхуихьырт. «Фльагъурэ, - жиІэрт абы, - къулыкъушхуэ иІэ пэтми къиэзрыгуэкІыу зэрыщытыр, зыми зэремыпагэкІыр, и щхьэр зэримыІэтыр».

Абы щыгъуэми КІыщыкъуэ ящыщащ республикэм и унафэщІ щІэрыІуэхэу зауэ нэужь зэманым кьиэхэхъкІахэм. Сэлэт джанэхэр щамыхьжауэ, я ІагъэхэкІэ мыгъущыжьапІуэ, дамыгъэ льапІэхэр я бгъэм хамыхьжауэ, хозяйствэр зэгъэгъуэвэжьыныр, экономикэр, щэнхабзэр, псэкупсэ гъащІэр къэгъэщІэрэщІэжьныр я дамэм тралъхьащ.

Къущхьэ КІыщыкъуэ партым и обкомым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и секретару, иужькІэ республикэм и Министрэхэм я Советым и унафэщІу щыщыта лъэхъэнэм мэкъумэш хозяйствэм псынщІэу зиужьащ. Абы иригушхуэу сытым дежи жиІэрт зы гектарым хуэзэу нартыхуэу кьытрахыр центнер 50 - 60-м зэрыщІрагъэтуар, республикэм гъавэу къэралым иритыр тонн мин 300-м зэрыщыкъэпрыкІар.

Мэлбахъуэ Тимборэ, Къущхьэ КІыщыкъуэ, Кульбаев Мухьэжыр, абыхэм я лэжьэгъухэр укъуэдиуэу иужь итащ псы зыщІагъэльадэ щІым хагъахъуэурэ зэпымыууэ гъавэшхуэ кьрахьэлІэным. Абы и щапхъэу къэбгъэльэгъуэну ирикъунщ 80 гъэхэм щыщІидзэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым гектар мини 130-м, нэгъуэщІу жьпІэмэ, гектариТ кІэс ещанэм псы щыщІагъэльадэ зэрыхъуар. Абы щыгъуэ яухуауэ щытащ ерыскъы, мэкъумэшхэкІэхэм щелэжь предприятхэр. Пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхкІ къехьэлІэныммкІэ республикэр Урысейм пашэ щыхъуащ. А зэманым кьыдэкІуэтеящ Урысей псор зэрыгушхуэ хозяйствэ учащІ ыхьэлэмэтхэу Тэрчокъуэ Къамболэт, Евтушенкэ Николай, Мусукаевэ Шамса, Атэбий Мухьэмэт, нэгъуэщІ куэди.

КІыщыкъуэ и гугъу пщІымэ, абы и ІэхэущІафэхэм илъэс куэдкІэ щыгъуаззэу сыщытащи, сэ жысІэфынущ ар фІэлІыкІ зиІэ, пІэщІэкІа щыуагъэмкІэ узыщыкІытэн унафэщІу зэрыщытар. Ар иджы псэухэм, къэкІуэну щІэблэм я гум кьинэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щхьэкІэ куэд зыщІа цІыхуфІу.

ЗУМАКУЛОВ Борис,
тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор.

Куэдым къащхьэщыкІ

Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, къэзыгъэзэжа, абы къыщыкІа дамыгъэ куэдым зи бгъэр ягъэдахэ офицер щІалэ екІу, 1950 гъэм коммунист партым и Тэрч райкомым и япэ секретару ягъэкІуа Къущхьэ КІыщыкъуэ районым и цІыхухэр кьыбгъэдэуваш, фІыкІэ кьыщыгугъуэу.

Сэ илъэс 14 сыхъуауэ арат, ди унэм и гъунэгъу фэтэрым КІыщыкъуэ и щхьэгъусэ Сэкинат, и пхъурэу Людэрэ Светэрэ, и анэшхуэ Къэрал сымэ и гъусэу кьыщыІэпхъуам. Илъэс дэкІри Татьяни кьахэхъащ.

Абы щыгъуэ дэ КІыщыкъуэ щытлъагъур зэзэмызэт. Ар и «Виллис»-мкІэ пщэдджьжьым жьыуэ дэкІыт, пщыхьащхьэм щхьщыкІуэжьыр хэкІуэтауэт. Ар икІи гурыІуэгъуэт. Зауэм зэхихьэтахэр псынщІэу зэфІэгъувэжьын, республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ районым зегъэужьын хуейт.

Зэман кІэщІи къэрибудэу КІыщыкъуэ а Іэнатіэм зыкъыщигъэлъэгъуащ ялэ игъэщын хуей кьалэнхэр гъэзэщІэным цІыхухэр хузэщІигъэІуэу, лэпкыгъэр фІыуэ илъагъуу, цІыхухэм я гум кьишхыдыкІыу, и щхьэми и унафэм щІэтхэми яхуэткІийуэ. Апхуэдэ Іэхэу бгъэдыхьэкІэм районым и социально-экономикэ гъащІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зригъэхъуэжьт.

Тэрч районым зэрыщыІэрэ илъэситІ хъуауэ, КІыщыкъуэ ираджэжри, партым и обкомым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и кьудамэм и унафэщІу ягъэуващ икІи партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром хагъэхьащ. Хэт игу кьэкІынт а зэманым а цІыху хьэлэмэтым сэ гъунэгъу сыхуэхъуну?! КІыщыкъуэ лэжьыгъэкІэ ялэу сыхуэзащ 1962 гъэм. Абы щыгъуэ сэ, Іэщ1агъэлI ныбжьыщІэм, згъэунэхурт комбайнхэр, США-м зэрыщащІым хуэдэу, зэхцэпэщр, нартыхур Іухьжьным кьыщыгъэсэбэпа зэрыхъунр. Абы щыгъуаззэ зыхуащІыну Совет Армэм и цІэкІэ щыІэ колхозым къэкІуащ Правительствэм и унафэщІ Ахъуэхъу Аслъэнбийрэ партым и обкомым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и секретарь Къущхьэ КІыщыкъуэрэ. Абыхэм ящыгъут «Мэкъумэштехникэ» зэгуэхьэныгъэм и унафэщІ Левченкэ, нэгъуэщІхэри.

КІыщыкъуэ имыщІэ псоми щыгъуазэ зыхуищІу и хьэлти, езгъэкІуэкІ гъэунэхуныгъэ зригъащІэри, комбайнм и зэхэлъыкІэм зэхъуэжкІыныгъэ гуэр хилъхьауэ щытащ.

ИужькІэ, си насып кьрихьэкІри, абы сыдэлэжьащ, ялэщІыкІэ «Мэкъумэштехникэ» зэгуэхьэныгъэм сриунафэщІу, итІанэ илъэси 8-кІэ езым, республикэм и Правительствэм и Іэтащхьэм, срикъуэдзэу.

КІыщыкъуэ куэдым къащхьэщыкІыт ищІ мурадым и Іэр зэрытригъахуэмкІэ, Іуэхум фІыуэ зэрыхищыкІымкІэ, лэжьыгъэм зэрытемызэшэмкІэ, къызэрыгуэкІыу зэрыщытымкІэ, лъэпкъ зэхэгъэж зэримыщыІымкІэ, ныбжьэгъугъэр зэригъэпэжымкІэ. А хьэлыфІхэр езыр къзэхуэхъуреихьэм зэрызэхригъэлъэхьэным дапщэщи иужь итт. Ар цІыхубэм япыщІат, абыхэм ящыхьлъхьэ жэрдэмыфІхэр гуапэу ядиІыгъыт. Сэ КІыщыкъуэ зэман кІыхькІэ сызэрыдэлэжьам хуитныгъэ кьызет 1950 - 1980 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым игъэуста зэрыжьынигъэшхуэм куэд зэрыхиущІыхьар жысІэну.

Абыхэм дыщІызгъуну сыхуейщ республикэм и тхыдэм лъэужьыфІ кьыхэзына КІыщыкъуэ и къуэшхэу Гъумар, республикэм и электроэнергетикэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа Мухьэжид, инми цІыкІуми яхуэгуапэ я шыпхъу Замилэ зэрысцІыхуар. Ахэр кьыщыхъуа унагъуэм адыгэ хабзэр, нэмысыр дапщэщи щытепщэти, Сэхьид и бынэр къэхъащ хьэлэлу, гъэсауэ, республикэм, цІыхубэм щхьэкІэ ямыщІэн щымыІэу.

МАМХЭГЪ Михаил.

Къущхьэхэ КІыщыкъуэрэ Сэкинатрэ ящыгъущ япхъухэу Светланэрэ Татьянэрэ, пхъурылъхухэу Сэкинатрэ Хьэрисрэ.

Къехьэкі-нехьэкі иІэтэкъым

Абы теухуауэ тхылъ пТхы хьунущ. Хэку зауэшхуэм и гъэгугъэм 1941гъэм теувэри, ар иухыу ТекІуэныгъэр къызэрытхьамкІэ хьэрэкІытІэхэр щагъэуа 1945 гъэ пщІондэ, иригІуащ лІыгъэ кьигъэльагъуэу, бийм хэщІыныгъэ иригу.

1952 ГЪЭМ щыщІэдзауэ, дунейм ехьэжьыу, абырэ сэрэ зы мэкъумэшыщІэ гупым дыхэту декІуэкІащ. Ар адрейхэм къащхьэщыкІырт зэщІэкъуэуэ зэрыщытымкІэ, зэрыгуапэмкІэ, зэрыерыщымкІэ.

Зауэ нэужь илъэсхэм апхуэдэ лэжьакІуэхэм хузнькъуэт республикэри, ар хуэфащэу и къулыкъуэкІ драгъэкІуэтейуэрэ КПСС-м и обкомым и секретарым, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и унафэщІым нэсащ. А кьалэн мытыншхэр игъэзащІэу зэрылэжьа зэманым щыщу илъэсищІым КІыщыкъуэ и япэ кьуэдзэу сыщытащ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ кьыдэгъэщащкІуэ Мэлбахъуэ Тимборэ и унафэм щІэту а илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хуабжьу зиІэтащ. Псом хуэмыдэу мэкъумэш хозяйствэм зыужьныгъэшхуэ иІэт. Абы и щыхьэту къэбгъэльэгъуэну ирикъунщ илъэс 22-м кьриубыдэу Урысейм нартыхуэ гъэкІыныммкІэ щыІэзэпах бэракьыр тІэу фІэкІа ди республикэм зэрыІэщІэмыкІар.

Ауэ КІыщыкъуэ дежкІэ дгъэззэжьнщи, зэрыщытар къэдгъэльэгъуэнщ. Ар захуэу, ерыщу дунейм зэрытетам и щапхъэ къэсхьыну сыхуейщ. Мэкъумэш хозяйствэмкІэ республикэм и актив екІуэкІырт. Президиумым КПСС-м и обкомым и бюром хэтхэр, Тэрчокъуэ Къамболэт, сэ дисц. Докладэ щыІэ Къущхьэ КІыщыкъуэ республикэм и ехьэлІэныгъэхэм топсэлъыхь, итІанэ ди дежкІэ и щхьэр кьегъаззри жеІэ: «Республикэм лэжьапІщІэу ахьшІэ щытыным хуэкІуэныгъэкІэ щІэн хуейр и пІэм йоуджыхь, икІи абыкІэ кьуанщэр ди генералхэу Тэрчокъуэ Къамболэт, Евтушенкэ Николай сымэщ (абы щыгъуэм республикэм и дэнэ щыпІи щыфІэдзат «пелуани 3-р» Тэрчокъуэ Къамболэт, Бгъэжьнокъуэ Хьэчим, Евтушенкэ Николай сымэ зэрыт плакатхэр) икІи абыхэм я хозяйствэхэр ахьшэ тыным хуагъэкІуэху, а Іуэхур япэкІэ кІуэтэжьнкъым».

Ди дежкІэ ар зыкъыдэзыгъэщІэж псы щыІэ фалъэт. Апхуэдэт КІыщыкъуэ. Кьехьэкі-нехьэкІ иІэтэкъым, ерыщт икІи гуапэт. ИкІи ар зыгъэпсІейтея а Іуэхур ди хозяйствэхэм, зэрыщыту республикэм, псынщІу щызэфІэкІащ.

ЦІыхухэм я фІэщ хъурт, фІыуэ ялъагъурт Къущхьэ КІыщыкъуэ. Абы зыкъыфІагъэщІыжакъым орден куэдым, пІыхьужьыгъэм, лэжьыгъэшхуэм кьаплъэ щІалэ медалхэм. Къулыкъу лъагэхэмрэ щІэ льапІэхэмрэ ятекІуэ зауэлІт ар.

ЕВТУШЕНКЭ Николай,
Хэку зауэшхуэм хэта, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь.

Лъэужь дахэ

Сэ юстицэм, судым, прокуратурэм я органхэм сыщылажьэрти, зэпымыууэ гу лъыстэрт Къущхьэ КІыщыкъуэ законэм пщІэ зэрахуищІым и парт, совет правительствэм ахэр щыгъэззэщІэныр екъэкІыпІэ зимыІэу кьиэзрилъытэм.

КІЫЩЫКЪУЭ ерыщу иужь итт къащта унафэхэр пхыгъэкІыным, икІи, Іуэхур ипэкІэ ягъэкІуэтэну кьиилъытэмэ, ищІа унафэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэрт.

Сыт хуэдэ щытыкІэ ихуами, абы зэпІэзэрыту зиІыгъыфырт, мыпІейтейуэ, егупсысауэ, сыт хуэдэ кьэхъугъэми бгъэдыхьэрт, унафэ пыухыкІа трищІыхьырт. КІыщыкъуэ куэдым къащхьэщыкІырт и хьэл лъэщымкІэ, зэтету, щыІу пэжу зэрыщытымкІэ. Абы бгъэдэлът унафэщІым дальэгъун хуей фІагъ псорэ. Ар Іуэхугуэшхуэхэм я унэтІакІуэ, пхыгъэкІакІуэ кьэмылэнджэжьт.

КІыщыкъуэ ди республикэм пщІэшхуэ щиІэт, абы и щыбкІи и ІуэхущІафэ хьэлэмэтхэмкІэ фІыуэ кьыщалъхурт, щыкъ ныкъуащІыр. Къущхьэм гъащІэм щыпхиша гъуэгур республикэм и фейдэ зыхэлъ ІуэхугъуэфіхэмкІэ гъэнщІауэ щытащ, абы тхьэм лъэужь дахэ кьыхинащ.

КУЭТЭНШЫ Паэл,
РСФСР-м щІыхь зиІэ и юрист.

Дэнэ жэм уасэр къыздикІар?

Къущхьэ КІыщыкъуэ псоми ягъэщІагъуэу фІыуэ еджэрт. Ар школым кьекІуалІэрт нэщхъыфІэу, Іэдэбу, нэмыс хэлъу, хьэл-щэн дахэ иІэу. КІыщыкъуэ сыт щыгъуи хуэхъэзырт иджыри здыныэмыса программэм итхэми жэуап кьритыну.

СЭ ГУПЖЬЕЙ кьыззгъэпэщат, усэ, Іуэтэжхэр зытхэр тезгъэгушхуэн папщІэ. Абы кьекІуалІэхэм яхэтт КІыщыкъуэ. Зы махуэ гуэрым укьытепуэрэ дафтэр Іув кьысхуеуам, кьыІэ, мы стхэхэм зэрыкъыкъыщІу кьысхуедж, жеІэри. Ауан сщІэркъым, жащыр зэрыхжкІуэтар сщыгъупщэжри, итхауэ хъуар щІэзздыкІат зы пщыхьэщхьэм. Хуабжьу сигу ирихьат. ЕтІуанэ махуэм щІалэ цІыкІум жьзоІэ: «Мыр пщэдей схьынщи, ди усакІуэшхуэ, «Къэрэхьэлъкъ» газетым щылажьэ Щоджэнцыкъу Алий естынщ». ГуфІэу арэзы щыхъум, Алий деж сыкІуащ, езыми гуапэу сриГъэблэгъащ. Кьызэхъуэхъуащ школым щезгъэкІуэкІ егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм папщІэ. Іуэхур зытетыр щыжеСэм, щыгуфІыкІащ, дэфтэрыр сІихри, кьиГъэнащ. «Мы усэхэр зытха щІалэ цІыкІур сльэгъуамэ арат», - жиІащ абы.

Къэд дэмыкІыу хуэбгъэдыгъащІэри, КІыщыкъуэ сшэри, Щоджэнцыкъум деж дыкІуащ. Алий гуапэу кьытпежащ. ПІыгуфІыкІыу щІалэ цІыкІум къепльырт, зэрыхуэарэзым и нэщэнэу. Зыкъэхуигъазэри, кьыжриІащ и усэхэм ящыщ газетым кьытридзэну кьызэрыхихар, адрейхэми епльыжьну, и дэфтэрым кьыхуритхахэм фІыуэ щыгъуазэ зищІыну кьеущІащ.

Зы махуэ гуэрым еджэнщ зэфІэкІауэ сыкьыщыщІэкІыжьым, школ бжэІупэм Сэхьид Іутт. Сэлам кьызэриІ, жеІэ: «Тхьэ дыгъэІэ, нэгъэсауэ уугъурлым, Шыбзыхъуэхэ япхъу. ЩІалэжь цІыкІум зэрихъэхэр газетым кьытребгъэдзащ жысІэурэ згъэщІагъэрти, нэхъ хьэлэмэтыжьыр кьыкъэхІащ, а усэхэм кьапэкІуа ахъшэм хэслъхьэж щІагъэуІащ зы жэм дэгъуэ кьыщІэкІащ. ГъащІэм ехьэлІэныгъэ куэд Тхьэм кьущит».

Нобн сощІэж КІыщыкъуэ и усэхэу «Си кьуажэ», «Гъатхэ», «Ныбжьэгъу», нэгъэщІэхэри.

ШЫБЗЫХЪУЭ Нинэ,
егъэджакІуэ. 2003 гъэ

Махуэ къэс

сапІэхэр, яслъэхэр, киногъэлъэгъуапІэхэр, Щэнхабзэмкі унэхэр яухуащ. Узыншагъэр хъумэным техуауи ящІар мащІэкъым. Кьалэхэм, районхэм щащхуащ сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, кьуажэхэм кьыдэхутащ дохутыр амбулаторэ, фельдшер-акушер пунктхэр. Медицинэ Іэмэпсымэ куэд кьащхьэхуащ. А псори дэІэпыкъуэгъуэфІ хъуащ цІыхухэм медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнымкІэ. Узыншагъэм пыщІауэ КІыщыкъуэ сыт хуэдэ ІуэхукІэ зыхуэзгъэзами, гупсэхуу кьедаІуэрти, кьыздэІэпыкъурт. Апхуэдэу абы гулъытэ хэха хуищІырт республикэр зыхуэныкъуэ ІэщІагъэлІхэр гъэхъэзырыным, къешэлІэным. Кьащтэ унафэхэр куууэ, егупсысауэ зэрыхъэзырыныр, ахэр гъэзэщІэным хуэткІиинырт КІыщыкъуэ дежкІэ екъэкІыпІэ зимыІэт.

КІыщыкъуэ псэльэрейтэкъым, хузэфІэкІ кьимыгъанэу хэти дэІэпыкъурт. Ар бынхэм гулъытэ яхуэзащІ, ирикъунт, ахэр бынхэм я ныбжьыкІэ, ныбжьыкІэ, ныбжьэгъу, ныбжьэгъу, ныбжьэгъу

Жьыху кІэухыншэм и даущ

Ацкъан Руслан и тхыгъэхэм ятеухуауэ

***Пщіыхь нэбжьыщым нэр тепыІэу хокІыІэ, мамыр пІэжьажьэм щатэурэ хомэзыхьри погуфыкІ гущэм хэль цІынабзэр. А къалъхуагъащІэм и пащІащхьэ ирижа гуфІэжей щтэІэщтаблэр зимыщыпэльаГъу балигъым «дзыгъэхэм ягъэдыхьэшх» жеІэри... щогъупщэж. Хьыдан жэрумэм сыт и гуфІэ? Дзыгъуэхэм я щІагъыбзэ бзэмыІум, апхуэдизу гурыфІыгъуэ къызыщІэщым, дауэрэ дыщыужх? Гущэм хэльыр даригъэ нэщІащэу къызыдыщІылэ, кхъаблэкІэ ягхыир гъэзанІэншэу здыхэужьыхэж а дунейм иджы иripлъэжьыфын нэхъей, балигъыпсэр теуджьыджьыкІу мэупІэрапІэ. ЗэпльэкІыжрэ пэт гурыІуэщхьу жьыпэ Іэпощэт. ЗэщІэдэІукІыурэ псэм къеульэпхъэщыхь: къелсри къильэтауэ езы дыдэщ и щІыкІунитІэр! Дыгъуасэ хуэдэщ къыщыІутар а псори жьанэлэІуэм къэзыутІыпщ дуней кІэухыншэмрэ мыдэкІэ къыздэщыынэку тафэ Іэрыщымрэ я щхьэдэхьпІэм. Зэм къэуІэбжьу, зэми гужьеиГъуэу Іэпхъэу ар къеІэрт бзэхьжьынкІэ щІэшынэ хьэщІапІэ дахэшхуэм и ГъунапкъэхэмкІэ. Абы иджыри ищІэртэкъым мо кхъаблэ ІэтакІэ ирахьэкІыжьи а дуней хей угъурлыфэм игу щІыхупхьІар. Ар езыр иджыри ущыізэкІэщІэплъу хейт. Пшэплъ Іубахьэмрэ ахъыр Іупщ1акІэмрэ щызэупсея жьэгу тхьэхур ибгына щІыкІэтэкъым.*

Гъуэбжэгъуэщ щІырхьэр и гущащхьэ плъыррэ лъэбэдий щІэлъэтыр и Іупэ пшынэу дунейм къытехьэр Усакіуэщ. Къыщыкіуэм деж дэтхэнэри усакІуэт-тІэ ... Псысэ щІэжьуэр зи дзапэ уэрэдыр зыкъым, тІукъым, арщхьэкІэ Усакіуэ дыдэрщ зи макъамэ шэщІар мыбзащхъуэу къы-Іэщ1эзыльхьам и пащхь изыхьжьыфыр. Ущ1эмыупщІэт абы игъэзым! Нэмыплъкіэ зэтэжурэ зэлъикІуэта Гъадэкъутахуэхэм я Іэжьэгъу-фэжагъуэхьу мэІуэхутхьэбзащІэ Усакіуэр.

ТІОЩІРЭ езанэ лІощІыгъуэщ. Дыззрыт гъэм и гъатхэу дунейм къытохьэ Ацкъан Руслан «Пшэм хэт унэ» зыфІища тхылъыр. Мыгъэрей гъатхэпэм къыдэхьэмкІэ емынэ кІаблэр за бжэ лъэмб имыкъэфын унэщи... зичэзу дыдэщІ

Нобэрей Іуэхукіэ макъамэм дэмыщІытэж псэуакіуэ нэжьгъщ дуней Іэрыщ1ыр. Гъащ1э хъыринэри сату Іэфрак1эщи, псысэкъым щІиупскІэр. Абы ирихьлІэу тхыгъэ къыхэхаХэр здэщыІэ «... унэм» уэздыгъэ щыпагъанэ:

Къызэплъри уафэр, щыІэфэ игъэтхытхыу,
жиІэну зыхэтар ибзыщІыжащ...

...Зы упщІэ нагъыщэщ гъащІэкІэ зэджэр. Уэз-гупсысэр уэгуи изщ. ЖаІэртэкъэ: псэр жэрщ?! «Пшэм хэт унэ»-р зыухуар хэт нэхъри нэхъыфІу щыгуаэзэщ дэтхэнэ жэрми щхьэж и лъахъэ зэриІэжьым. Къилъху илъхужьр зыхэфа уи псыежэхым и мывэ дэгумрэ нетІрей уафэ Іуплъэгъуэмрэ а къызэрытфІэщІым хуэдэу зэпэІэщІэкъым. Зы псэм ейщ тІури. Зыщ къэзыгъэщІар. ЖЭуап плъэзыкину хуитри а зырщ. «Дэнэкіэра?» жыпІэу зыщуплъыхьыжкІэ, уэзр къызопсэпэхІри:

Псым адкІэ щыІэр псэм и хэкущ.

.....

А лъэхэм сэ щыізэхэсхащ
Жьыбгъэр щхьэмыжьым
еІуащащэу...

Уи щхьэрэ уи псэрэ зэхуэмыарэзыжкмэ, а щІыпІэм уи Іуэху щыІэкъыми, къыпэкІухь жьыхуиІэ щІыкІэу усэм трегъэчыныхь:

Псым адкІэ щыІэр псэм и хэкущ,
Абы умыкІуэ, улІыгъэншэм...

Арщхьэкіэ уэзр зи дамэгъум къыщІикІуэтын дагъуэ къуэлъу къыщІэкІынтэкъыми, мес пщІыхьэр джэгуу щхьэщохьэ:

Лэсчэн аузым,
си адэм и жэмыр щыхъуакІуэм,
мазэм и нурым
псэхугъуэ Іэрыпі щыщІегъэпщ.

Усакіуэр уэкъулэу зыдэхьэж лъапсэр, аддэ зэгуэр гущэ щхьэтепхъуэм и щІэплъыпІэу щытар, иджы хамэгу-хамащхьэу къыІуплъагъэнщ... Армырамэ сыт-тІэ усэ къуэпсыр апхуэдизу щІэуэзыр?

Лэсчэн аузым,
зыгуэрым... и жэмыр
щыхъуакІуэм, жьыбгъэ емышым
гупсысэ зэмыщхь щыщІегъэпщ.

Нэрылъагъущ гугъэмрэ гъуэгумрэ зэрызэблэщхъуар: псэ къэбырсеяр иужьыгужу а кІуэжам къыІуплъа нэхужьыбэ псыІэшхуэм къащІэщыр зы гъащІэкъым. Усэ тхыпхъэщІыпхъэм пэІэщІэ тхылъаджэм, щэч хэмылъу, къиціыхужащ-тІэ щалъхуа щІыпІэм и нэщэнэу зыми хэмыгъэщхьэр... Дэнэкіэт здэгъэзар а псыпэхэр? Дауэрэ щІэщэщрэт уи губгъуэ щхьэмыжхэр? Сытыт щІэмыгъужьыр уи бжьэпэ хьэкъыршхэр? Дэтхэнэра а жьыбгъэ щхьэкІэрахъэр гуфІэжу къызымемыжжьар! Жэмыр-щэ?! Дапщэрэ уи псэ нэщІэрыфэр хьэчэу Іуувжкрэт а лъэпскІэ узыщыщ дуней бжаблэм...

ТхыпІымпІэ тхьэмпэр макъамэу щыщІэхъаем, жьыпэу Іущащэ къыдэцырхъауэ аркъудейщ, итІани зэуэ зыхэпщІаи! ЗызыпІахъэу икІуэтыжжэм ящыщкъым апхуэдэ жьыбгъэхэр.

Тхыгъэ къыхэхаХэр усэ тхьэмпэ Іувщ, я дэтхэнэр къэдгъэпсэлъэн... ди епльыкІэхэри жьыжьэ-гъунэгъуу зэтемыхуэнкІэ мэхъу. Къимыдэкіэ: усэм тепсэлъыхь хабзэкъым. Зэпкъырахыркъым икІи ящІэрыкъым. Усэщ ар. НэгъуэщІым и псэм къигъэщІа уэрэдщи, уемыЩущэщфмэ... псалъэ зэрыхьэ хэзэгъэнукъым. Догуэт зэхуымыгъэзэрыхь: си гугъу тщІыр Усэрщ ар-мыхьумэ, Щам и бжьыхь ирагъэщфэкІа псалъэ чокъым. КъыпщІыхьэ пэт ящІэуатэрэ уэм урихьэу; уиудыныщІауэ уздэщымыгугъэххам укъыщІызыІэпигъэхужкІэ, дамэу зыпхуэзщІэзых Макъамэщ.

НтІэ, апхуэдэ гъэвыгъуэр зи Іэтыгъуейм щищІэн щыІэкъым «Пшэм хэт унэ»-м. А щІагъыбзэр зи гурыІуэгъуейми, и тхьэкІумэІупс - бдзапщІавэщи, езым и дагъэ щрелыбжьэ: дэ дезыщэжар макъамэ кІэухыншэщ. ПлъэІуакіуэ-дэІуакіуэхэм я бжьыгъэм фІыуэ зэрыкІэрыхуар нэрылъагъуу, псыхъэмкІэ идогъэзыж. Иджыри тщІэркъым Лэсчэн щхьэрыхьу здэжэр, ауэ салъкъыну къытлъэІусакІэщ усэпсэр зытегуэавэр:

... **себгъэдэІуэжыркъым шыпсэ,**
къысхуб0Іуатэ
зэрымытыншыр уи гъуэгу.

Усакіуэм и лъэ и щхьэр зрихьэлІэжа псыежэж бэшэчыр иджы езыр щхьэпжьэщи, макъамэ тхытхыр мэуфэразэ:

Псы делэ щыкІуу
си гуфІэ нэгуу сэ згъафІэ...

Зэхэпхыркъэ а «... делэ щыкІур»? ПсальэтІым ГъэпІэгъыбзэу щІауфэр -щэ? Жьыи щІэи зытемызашэ къебжэкІщ а ... щІыкІэр. Ар жызыІэм и бынжэ къуэпсыр мэджалъэ. Ар зыжраІэм и гуфІэ нэпсыр зэи гъущыркъым. Тобэ ирехъуи, псыежэхьи хуэдэу а псалъэ дыгъэщыгъэр зыхуэфэщэпс щыІэу къыщІэкІынтэкъым... псом хуэмыдэжу, и гукъеуэ псыфыр кІэкъуащІэ шкІурэкІэ нэпкъым ириупщІэкІыурэ щыкІэсэжьм!

Уи Іупэм къеІусэрэ пэт, зэгуэр пхужьмыІа тепльэгъуэ дахащэхэр нэІурьпту къэзыгъэщІ Усакіуэм Іумыл зэпхъуа сурэтхэри и хамэхъым. �щІэдэІут ар къуршыбгъэм зэрегием:

УэдэщыІэр зымыщІэр нэхъыбэщ,
уи пагагъэм хуэныкъуэри хэт...
Абдежи щызэтеуВыІэркъым
гупсысэр:
КъыпкІэрех и щІыІэмэр уэгу
къащхьэуэм,
нэ утхъуахэм пшэ фІыцІэ щопэкІу.

Мы сатыр ишыгъуэм щІагъыбзэпсантхуэу ихьыр жьыІурыхьэгъуэм и щІэлъхьэу зэрыщІэжкащ. Макъамэ лъэхъщыжьыбэщ; уеІэмэ, къоІэж! Сыт щхьэкІэ, ардыдэтэкъэ мо къытщхьэщыт лэгъуп лъащІэхум ди нэ къызыхуикІыу къыщІитлъыхъур? Арауи дощІри, ди щІэнэнигъэм езыр налъэкІэ ирипщІантІэкъым. И пэр Іунэу и нэр жанми, дэ къытхуэнэф-хьэфизщ. Уэгум и анэлщ ар. КъуршыбгъащІ Макъамэ нэхъ лъагэхэм я Іыхьлыщ. ЦІыху гъэрхэми апхуэдизу щІедгъэщхьэ сыт-тІэ?

Мы теплъэгъуэжэр къыщыІунэху тхыгъэ къыхэхаХэр къызыхахьар, дауи, усыгъэ тІасхъэтэкъым. ЛъынтхуэкІ псэтэ зэгущу гъэпса уэрэдыр Іэдэбщ, лантІэщ. Зы быркъуэшыркъуэ дежи щІылъэпантхуэркъым псалъэр. Абы и гъуаэзэр - псэм и лъахэрщ. Зы щІыхупІэ нэзи щІыбэлэрГъыжьыркъым гум и псысэр:

Щ1ыхупІэ хьэлыр сэ сощІэж,
зэпхырыснащ ар бжьыбжьу
гъащІэм:
бгъафэм щІэлъ мывэми йощэж
иридзыхьи хьэзыру лъащІэм.

Гум хьэуа Іэмпіэ имыгъуэтыжу щыдзэр зэрольадэри уэзпекъуэ а лъычъэм. Асхьхэтуи къоІу нэгъуэщІ уэрэдым (мыбдеж зыкІи къыщымыщыщ) и щІэжьыщэр:

Захуэзыр къуаншэ къафІэщІыжу -
Ныпкіэлъыпльыпльынщи ублэкІам...

Уэрэ, сэри, адрейми - ди гупщІэсыжьмкъэ? Сыпыт щІэмыгъужьыр уи бжьэпэ хьэкъыршхэр? Дэтхэнэра а жьыбгъэ щхьэкІэрахъэр гуфІэжу къызымемыжжьар! Жэмыр-щэ?! Дапщэрэ уи псэ нэщІэрыфэр хьэчэу Іуувжкрэт а лъыпскІэ узыщыщ дуней бжаблэм...

ТхыпІымпІэ тхьэмпэр макъамэу щыщІэхъаем, жьыпэу Іущащэ къыдэцырхъауэ аркъудейщ, итІани зэуэ зыхэпщІаи! ЗызыпІахъэу икІуэтыжжэм ящыщкъым апхуэдэ жьыбгъэхэр.

Тхыгъэ къыхэхаХэр усэ тхьэмпэ Іувщ, я дэтхэнэр къэдгъэпсэлъэн... ди епльыкІэхэри жьыжьэ-гъунэгъуу зэтемыхуэнкІэ мэхъу. Къимыдэкіэ: усэм тепсэлъыхь хабзэкъым. Зэпкъырахыркъым икІи ящІэрыкъым. Усэщ ар. НэгъуэщІым и псэм къигъэщІа уэрэдщи, уемыЩущэщфмэ... псалъэ зэрыхьэ хэзэгъэнукъым. Догуэт зэхуымыгъэзэрыхь: си гугъу тщІыр Усэрщ ар-мыхьумэ, Щам и бжьыхь ирагъэщфэкІа псалъэ чокъым. КъыпщІыхьэ пэт ящІэуатэрэ уэм урихьэу; уиудыныщІауэ уздэщымыгугъэххам укъыщІызыІэпигъэхужкІэ, дамэу зыпхуэзщІэзых Макъамэщ.

НтІэ, апхуэдэ гъэвыгъуэр зи Іэтыгъуейм щищІэн щыІэкъым «Пшэм хэт унэ»-м. А щІагъыбзэр зи гурыІуэгъуейми, и тхьэкІумэІупс - бдзапщІавэщи, езым и дагъэ щрелыбжьэ: дэ дезыщэжар макъамэ кІэухыншэщ. ПлъэІуакіуэ-дэІуакіуэхэм я бжьыгъэм фІыуэ зэрыкІэрыхуар нэрылъагъуу, псыхъэмкІэ идогъэзыж. Иджыри тщІэркъым Лэсчэн щхьэрыхьу здэжэр, ауэ салъкъыну къытлъэІусакІэщ усэпсэр зытегуэавэр:

... **себгъэдэІуэжыркъым шыпсэ,**
къысхуб0Іуатэ
зэрымытыншыр уи гъуэгу.

Усакіуэм и лъэ и щхьэр зрихьэлІэжа псыежэж бэшэчыр иджы езыр щхьэпжьэщи, макъамэ тхытхыр мэуфэразэ:

Псы делэ щыкІуу
си гуфІэ нэгуу сэ згъафІэ...

Зэхэпхыркъэ а «... делэ щыкІур»? ПсальэтІым ГъэпІэгъыбзэу щІауфэр -щэ? Жьыи щІэи зытемызашэ къебжэкІщ а ... щІыкІэр. Ар жызыІэм и бынжэ къуэпсыр мэджалъэ. Ар зыжраІэм и гуфІэ нэпсыр зэи гъущыркъым. Тобэ ирехъуи, псыежэхьи хуэдэу а псалъэ дыгъэщыгъэр зыхуэфэщэпс щыІэу къыщІэкІынтэкъым... псом хуэмыдэжу, и гукъеуэ псыфыр кІэкъуащІэ шкІурэкІэ нэпкъым ириупщІэкІыурэ щыкІэсэжьм!

Уи Іупэм къеІусэрэ пэт, зэгуэр пхужьмыІа тепльэгъуэ дахащэхэр нэІурьпту къэзыгъэщІ Усакіуэм Іумыл зэпхъуа сурэтхэри и хамэхъым. ЩІэдэІут ар къуршыбгъэм зэрегием:

УэдэщыІэр зымыщІэр нэхъыбэщ,
уи пагагъэм хуэныкъуэри хэт...
Абдежи щызэтеуВыІэркъым
гупсысэр:
КъыпкІэрех и щІыІэмэр уэгу
къащхьэуэм,
нэ утхъуахэм пшэ фІыцІэ щопэкІу.

Мы сатыр ишыгъуэм щІагъыбзэпсантхуэу ихьыр жьыІурыхьэгъуэм и щІэлъхьэу зэрыщІэжкащ. Макъамэ лъэхъщыжьыбэщ; уеІэмэ, къоІэж! Сыт щхьэкІэ, ардыдэтэкъэ мо къытщхьэщыт лэгъуп лъащІэхум ди нэ къызыхуикІыу къыщІитлъыхъур? Арауи дощІри, ди щІэнэнигъэм езыр налъэкІэ ирипщІантІэкъым. И пэр Іунэу и нэр жанми, дэ къытхуэнэф-хьэфизщ. Уэгум и анэлщ ар. КъуршыбгъащІ Макъамэ нэхъ лъагэхэм я Іыхьлыщ. ЦІыху гъэрхэми апхуэдизу щІедгъэщхьэ сыт-тІэ?

Мы теплъэгъуэжэр къыщыІунэху тхыгъэ къыхэхаХэр къызыхахьар, дауи, усыгъэ тІасхъэтэкъым. Къынтхуэ кІэпщІ

Адыгэ Хасэм и гъуэгуанэ кІыхьыр

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр №99, 100-хэм итщ.)

Гъэщ1эгъуэн дыдэу мы Іэхэум къыхэщыр сыт жыпІэмэ, уэркъэхэм пщыхэм зыхуаГэзэныр ягу зэрырихьынур гурыІуэгъуэт, ауэ Іэхэур къыхэзыльхьар езы пщыхэрт. Абы и щхьэусыгъуэуи пхужьІэнур зы закъуэщ: Урысейм Къэбэрдейр къэгъазэ имыІэжу зэрипхъуэн мурад зэриІэр наІуэ къэхъупати, цІыхубэр быдэу зэрызыгъэубыдыфын Іэмал къэгъуэгъын ылкІ. Къэгъуэтыпхъэри псоми я зэхуэдэ плъапІэм телажьэ, псори зэхуэзыГадэ Іэмэпсымэт. Абдежьым «сэ уэ нэхърэ нэхъ лъэпкъыфІ сыкъыхэкІащ» жыпІэу уэздаУэкІэ, уи щхьэкІи фейдэ хэпхьынутэкъым, лъэпкъми къыхуэсабэпынутэкъым. Мыбдежми наІуэ къщ1охъу нэхъыбэ быдэу и щхьэ ебэкъуэн къалэнир пщыхэм къаЗэрытехуар. Пщыгъэр бГъэнэхьапэрэ лъэпкъ хуитыныгъэр пфІэкІуэдмэ, укъыЗэрызэтемыІэнур хьэкът. А бГъэдыхьэкІэр уи щхьэр Алыхьым и хьэтырКІэ бГъэлъэхъшэныр езы диным зэрыпхуигъэдахэми хуэпхьыфынуц, ауэ шэрихьт зэщ1эхъееныгъэм къыздихьа зэкъуэтныныгъэм хуэдэ Къэбэрдей тхыдэм ипэкІи иужькІи хэтакъым. Абы ипэкІэ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ махуэ къэс я зэхуаку къыддэхъуэ къыгъэ мыхьэнэншэхэм щ1ызэныкъуэкъуу кьекІуэкІамэ, иджы я щ1ынальэм и къэкІуэнум егупсыс я акъыл зэтрагъэхуэн хуей хъуат. ИкІи пльапІэу яІэр я блэкІар зэфІагъэувэжьныр аратэкъым, нэхъ зызыужьауэ дунейм тет лъэпкъхэм я къэрал зехьэкІэ Іэмалхэр шэрихьэтым ирагъэкІуу, езыхэм зэралыгъуэ уэзыншэ яухуэныр.

1803 гъэм Нартсанэ (Кисловодск) деж быдапІэ щ1ауэру къэзакъ станицэ1эхэр яГэтІыса нэужь, Къэбэрдейм зыкъыІэтащ. 1804 гъэм Бахъсэн деж къэкІуа Глазенап и дзэр накъыгъэм и 10-мрэ и 14-мрэ Шэджэм деж къащытеуэрэ, адыгэхэр зэтраукІащ. «ТекІуэныгъэр зыхуэщ урысыдзэм и ехъулІэныгъэхэм апхуэдизкІэ къэбэрдей адыгэхэм я гур ириудащи, иджы ахэр щІэрыщІэу къаубыда лъэпкъыу къэпльытэ хъунущ», - хуитхыт зигъэщІагъуэу Глазенап Циционовым.

1805 гъэм и гъатхэпэм урысыдзэр аргуэру къэбэрдейхэм къатеуэри, къуажэ 80-м нэс зэтракъутащ, гуэдзрэ мэкъумылэу яІэр фІагъэсащ, адыгэхэр гъаблэм зэрахуэлІэр нэрылъагъу хьуат. Абы емынэ уэри къыхъыхэжащ.

А псом иужькІи зыкъаІэтыжыну гу зыхурикъуэ къэбэрдейхэм я щ1ынальэри яхъумэт, езыхэм я зэхэтыкІэр зэрырагъэфІекІуэну щ1ыкІэм акъыл ирахьэлІэныи тегушхуэфырт. Арати, Къэбэрдейр зауэлІ къару къудейкІэ и унафэ зэпщІимыгъэувэфынур пащтыхьыгъуэм къыгуроІуэри, урыс хейщІапІэхэр тричыжащ, абыхэм я пІэкІэ мэхъчэмэ щэрихьт судхэр 1807 гъэм къызэрагъэпэщыну арэзы хъуащ.

Къэбэрдейм диным и мыхьэнэм апхуэдизкІэ пщІэшхуэ щІигъуэтати, пащтыхьым и ТІасхъэщІэххэм «Урысейм къыхуэпэж дин лэжьакІуэхэр имыІэу зэрымыхьунум» теухуауэ нэхъыщІэхэм чэнджэщ иратырт. Ар къыхоу 1808 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м граф Гудович Иван къэрал кІуэщ ІуэхуэмкІэ министр Куракин Алексей хуигъэхьа тхыгъэм.


● Лъэпкъ тхыдэ

Диным къару игъуэтам лъэпкъ зэхуэсхэм я лэжьакІэри ихъужьат. 1810 гъэм Броневский Семён етх: «ЦІыхубэр зыхуей-зыхуэфІэмкІэ зэчэнджэщын папщІэ зэхуашэс лъэпкъ зэІуцІэхэр хъарзынэу зэтеухуауэ йоф1ыжьКІ. Абы хагъэхьэр япэ ит гупищым щ1ыщхэрщ: пщыхэр, дин лэжьакІуэхэр, уэркъхэр. Ямэу пщы нэхъыжьхэр ягъэпсалъэ, абыхэм я ужьым дин лэжьакІуэхэр итщ, итІанэ уэркъ нэхъыжьхэр къокІуэ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэзху къыщ1ащхъэфын деж, мэкъумэшыщІэхэм ящыщ нэхъыжьхэри кърагъэблагъэ».

Диным и мыхьэнэм зэрыхэхъуам и лъэужь лъэпкъ Хасэми къытринащ. Іэхуум и щІэдзапІэм щегъэжьауэ, духьэшыхэр пщыхэми уэркъхэми нэхърэ нэхъ лъагэ ящ1ауэ, зэрыщІыхубзу къащхьэщыжьыфын кьалэнэр езыхьэкІ гупут къыздэрежьар. Абыхэм я дежкІэ къызыхэкІа лІакъуэм и мыхьэнэр нэхъ ину щ1ытамэ, дин лэжьакІуэхэр Хасэм и къудамэ щхьэхуэ мыхъуу, пщыхэмрэ уэркъхэмрэ зыхэт къудамэхэм зыхьэнт.

Хасэм и ухуэкІэм зэрызихьужьар абы дин лэжьакІуэхэр зэрыхьыхам и закъуэтэкъым. Къэбэрдейм мэхъчэмищ зэрыщ1аухуам езы хэкур Іыхьишу ягуэша пэлъытэ ищІырт. Суд щхьэхуэ къызэрыунэхуам иджыри къэс а кьалэнэр зыхьа Хасэм игъэзащІа лэжьыгъэхэм зыгуэр зэрыкиГэщІари гурыІуэгъэт. Ауэ Гэщ1эГэуэну къыхэхъуар сыт жыпІэмэ, иджы пщы уэлийр суд нэхъыщхьэкІэ зэджэ Іуэхуэщ1апІэм и унафэщІ хъурт. Лъэпкъыр XVI лІэщІыгъэм зытета унафэ щ1ыкІэм иджы лъабжьэщІэ игъуэту техьэжауэ арат, а зэманми пщы уэлийм суд нэхъыщхьэм и унафэщІ кьалэныр ихьу щытат.

1809 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м генерал Булгаков Сергей езым и унафэщІ Тормасов Александр хуригъэхь тхыльыкІэм «къэбэрдейхэм Бахъсэн деж лъэпкъпсо зэхуэс зэрыщ1рагъэкІуэкІам» и гугъу щІещІ. Абы Жанхъуэт Кушыкурэ ХьэтІэхъущокъуэ ХьэтІэхъущ1ыкъуэрэ пщы уэлийуэ щ1ыхахауэ щ1итащ. Зэуэ пщы уэлиитІ зэрыхахари Къэбэрдей Хасэм и лэжьакІэм и кІэм нэмыса зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыщ1екІуэкІым и щ1ыхьэтІ. Лъэпкъым и хуитныгъэр фІэкІуэдыпэн шынагъуэ зэрыщ1ынэм ипкъ иткІэ, щІыналъэр хьума зэрыхъуным теухуауэ Хасэм унафэ тк1ийхэр къызэрищтапхъэр Іупщ1т. Ауэ пащтыхьыгъуэм и ехъулІэныгъэхэм зауБгъуэу, Хасэм и мыхьэнэри кІуэ пэтми нэхъ ехъэныр.

Хасэр пащтыхьыгъуэм и унафэр зэрыпхигъэкІ Іэмэпсымэ зэрыхъуар

Пащтыхьыгъуэм Хасэм езым и унафэр зэрыпхигъэкІ Іэмэпсымэ къыхищІыкІыну мурад ищІри, япэрэуэ, ар, Къэбэрдейм щекІуэкІ псори къищІэн папщІэ, хъыбарегъащІэ Іэмал хуэдэу кьигъэщхьэпэн щІидзащ. Хэт дэтхэнэм и телъхъэми, хэт дэтхэнэм и бийми, Кавказым щыщ адрей лъэпкъхэм сыт хуэдэ щ1ыкІэу яІэзІэсми - а псори пащтыхьыгъуэм жезыІэжьми Хасэм хэтт. Къэбэрдеишхуэмм Джьылахстэнейми щыпажьэ урыс приставхэм ищхьэкІэ яутІыпщ тІыгъэхэм кьащ1ыхагъэщІрт я хъыбархэр лъэпкъпсо зэхуэсхэм псом нэхърэ нэхъыбІу Іуэхум щІегъуаззэхэм кьащ1ащсэлъу зэрызэхахар.

Псалъэм и хьэтыркІэ, 1805 гъэм накъыгъэм и 15-м урыс генерал нэхъ гущІэгъунШэхэм яз Дельпоцо Иван ари къэзыгъэцтэжьи Циционов Павел хуэтх: «Хасэм къеКІуэлІахэм сеупщІащ: «Къэбэрдейм уз зэрыщІалэ я къызэрыщежьар пэж?» - жысІэри. Бэчмырзэхэрэ Къетыкъуэрэ я нэхъыжь псоми, пщырэ уэркъыу цІыхуищэм нэс къекІуэлІахэм, жауапу къызэтащ, апхуэдэ уз къежьамэ, къысщабзыщІынкІэ Іэмал имыІзу». Къэбэрдейхэм емынэ узыр къызэрежьар яБзыщІын хуей хъурт. Ар щхьэпІэмэ, Кавказ линиер зэрауху эрэр армырми пІэщІэ зыхуащІа я хъупІэхэмрэ губГъуэхэмрэ ирагъэхьэнутэкъым.

Урысейр пхъашэу къахэІэбэху, Хасэр пащтыхьыгъуэм къэбэрдейхэм къахуищІ унафэр кІыщІыжрагъэІэ, ахэр зэрагъэзэщІэну щ1ыкІэр къыщІыгурагъаІуэ зэхуэс хъурт. Псом хуэмыдэу, абы щ1ытепсэлъыхьырт пащтыхь тетыгъуэм лъэпкъым къытрилъхьэ хуэдэныхэр зэрапшыныну щ1ыкІэхэмрэ къраухьлІэ пІалъэмрэ.

Ямыныхъуэхэм деж пащтыхьыгъуэм Хасэр зэхуишэсырт нэгъуэщІ лъэпкъхэмрэ къэралхэмрэ щатеуэжІэ гъуэ зыхуащІыныхэм ягурыІуэн папщІэ. Езыхэр зыхуитымрэ я хуитныгъэмрэ теухуауэ къ1ини сыт щ1ыгъуи къыщІкІ адыгэ пщыуэркъхэр жьІэдалуэ хъужьхэрт, я лІыгъэр нэгъуэщІ лъэпкъхэм зекІлауэ къаГэлъэгъуэн хуей щ1ыхъум деж. Апхуэдэ зекІуэхэм урыс тетыгъуэм и тыгъэхэмрэ къуентхъ мымащІэрэ къахуэдихьырт, щІалэгъуалэми я зэфІэкІ здыкъэсыр къыщІагъэпэгъуэн лЫгъэщІапІэ кьалъыхъуэрт.

Ермолов Алексей и зэманым пащтыхьыгъуэм Къэбэрдейм щ1ызэрихьэ лейм зиубГупащ. Къэбэрдеишхуэр ЫхьитІ ирищ1ыкІыу зэлъэмыІэсыж ищІын папщІэ, абы Балъкъ, Бахъсэн, Шэджэм, Налшык, Шэрэдж псыежэхэхэм я Іуфэм быдапІэхэр Іуищ1ыхьат. Къэбэрдейр зыІэщІалъхьэн Іуэхур пащтыхьыгъуэм и унафэ щІэт «Временный суд» жыхуаІэр къыщ1ызэрагъэпэща 1822 гъэм зэфІэкІауэ ящІэ ящІэ хъунущ.

ГурыІуэгъуэщ Къэбэрдейм хуитныгъэр фІэкІуэдыпэ нэужь, Хасэми бГъэдэлъа лъэкІынныгъэм и нэхъыбэр Іэщ1экІыу, лъэхъэнэщІэ къэунэхуам зыдригъэкІун хуей зэрыхъуар.

Иужьрей дыдэу Хасэм и хъыбар къызыхэщыжыр Къэбэрдей линием и тетым «Временный суд» зи фІэщ1игъэ хейщІапІэм 1826 гъэм хуигъэхьа тхыгъэрщ: «Мы хейщІапІэм папщІэ жэрдэм къыхьзолъхьэ дяпэкІэ щхьэуСыгъуэ гуэр къыкъуэкІрэ лъэпкъ зэхуэс щІыкІэм хуей хъумэ, сыт щ1ыгъуи сэ къызэупщІну, и чэзур къэмыс щ1ыкІи хъыбар сагъэщІэну. Езы зэхуэсхэр Налшык бидапІэм щрырагъэкІуэкІ, сэри сыкІуэфын хуэдэу, лъэпкъым иф1 зыхэлъ Іуэхуэхэр щ1ызетхуэну Іэмал диІэн хуэдэу, хъыбар срырагъащІэ».

А тхыгъэм кьеГэлъагъуэ а зэманым къыщ1ыщІэдзаеуэ Хасэр Къэбэрдейм хабэзщІэ къыщІщІэну, кьащта унафэхэр Гъэзэщ1эныем теухуауэ щ1ызэчэнджэщ Іуэхуэщ1апІэу щ1ытын щ1игъэту, пащтыхьыгъуэм и гукъыдэжкэр пхагъэкІыным хуэлажьэ зэгухъэныгъэ зэрыхъуар. Апхуэдэ Хасэми арэзы ищІыртэкъым урыс тепщэгъуэр. Пащтыхьыгъуэм и унафэм щ1эт гъащІэм ззэгъынкІэ Іэмал иІэтэкъым зэгуэр лъэпкъыр хуиту зэрыщытар ягу къэзыгъэкІыж политикэ Іэмэпсымэм и цІэр зекІуэххэнщ. Аращ Къэбэрдейм пщы-уэркъ зэхуэсыщхуэ щ1ыщхъащауэ зэи иужькІэ хъыбар къыщІэмыІужар.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Адыгэхэм ятеухуа маркэхэр къыдагъэкІ

● Щ1э

Адыгэхэр зэрыс къэрал куэдым ди лъэпкъым ехьэлІа Іуэхугъуэхэр къызытещ маркэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщыдагъэкІ ди къуэшхэм я жэрдэмкІэ.

АПХУЭДЭ маркэхэр щ1ыщ Іуащхьэмахуэ, адыгэ фащэм, адыгэ кьафэм, нэгъуэщІ куэдми хуэгъэпсауэ. Иужьрей илъэсхэм Тыркум ксыщыдагъэкІа маркэхэм ящ1ыщу зыбжанэм я сурэт кьытІэрихьащ. Ахэр теухуащ Адыгэ Республикэм и махуэм, Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэм, Адыгэм и щыгъуэ-щІэж махуэм, Адыгэбзэм и махуэм, лъэпкъ лЫхьужь Щэрэлокъуэ Дыгъужьокъуэ Къызбэч.

Маркэхэм я теплъэр дахэщ, удзэщхьэщ. Ауэ нэхъыщхьэр абыхэм я купщІэнт, адыгэ лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэмрэ нобэ щІыхь хуищІу къыдекІуэкІ Іуэхугъуэхэмрэ зэратеухуэрыр.

ТхыльымпІэ кІапэ щ1ыкІуэмкІэ зэпыщІа мэхъу блэкІамрэ къэкІуэнумрэ, къэралым, лъэпкъым я дыгуасэмрэ нобэмрэ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ куэд яхьумэ абыхэм.

Зи гугъу тщІы маркэхэр бжыгъэкІэ куэд хуэркъым икІи ящ1ну зэхуэсыгъэкІакъым. Ахэр зытеухуа Іуэхум и фэеплъу езыр-езыру зэбграгъэкІыну аращ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Бокс

КІэрэф Тимур США-м щытокІуэ

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Детройт къалэм ди лъахэгъу КІэрэф Тимур хэгъэрейхэм ящ1ыщ Меткалф Келвин рейтинг зэпеуэм щ1ыхигъэщІащ.

ДЕТРОЙТ и «Kronk Gym» пэш щІэрыІуэм профессионал боксым и пщ1ыхьэщхьэ дахэ щекІуэкІащ. Абы щ1ыззэхта зэІущІи ящ1ыхьэщ КІэрэф Тимур щытекІуащ хэгъэрейхэм ящ1ыщ Меткалф Келвин. Раундийми тепщэныгъэр щ1ызыІыгъа ди лъахэгъуэ зыми шэч къ1ызэтрамыхьа текІуэныгъэр зыІэригъэхьащ. Апхуэдэ щ1ыкІэкІэ адыгэ щІалэм профессионал рингым епщІанэ зэІущІэр щригъэкІуэкІати, псоми я хьэрхуэрэгъуэхэм щефІэкІащ.

Иужьрей ехъулІэныгъэм и фІыгъэкІэ, курыт хьэлъагъ зиІэ боксёрхэм я рейтингым КІэрэф Тимур нэхъри щ1ыхьащІ. Абы иджыри зы лъэбакъуэ лъэщ щичащ профессионалхэм я деж дунейпсо чемпионыгъэм щІэбэныным хуэзышІэ гъуэгуанэ гугъум. Ар ягъасэ КІэрэфхэз Залымрэ Арсенрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Футбол

«ВыщІэхэм» кърагъэкІуэт

«Краснодар-3» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:2 (2:1). Краснодар. «Краснодар» ФК-м и стадион. Щ1ыщхьэуІум и 23-м. Щ1ыхь 200 епльащ.

Судьяхэр: Смирнов (Волоколамск), Валеев (Дон Іус Ростов), Тибилов (Ардон).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Мэкъуауэ, Шаваев, КІэдыкІуей, Ольмезов, Ашу (Бахъсэнокъуэ, 76), Хьэшыр, Джэтэрыв3 (Дэхъу, 75), Пащты (Клышэ, 88), Іэпщацэ, Гугуев (Бацэ, 88).

«**Краснодар-3**»: Ещенкэ, Исаенкэ, Стежко (Никитин, 46), Пивоваров (Ивашин, 76), Чичбэ, Бенедык, Котов (Самарциев, 90+), Петерсон, Стрельник (Власов, 46), Коломийцев, Пидлисняк.

Топхэр дагъэкІащ: Стежко, 4 (1:0). Коломийцевым, 13 (2:0). Гугуевым, 40 (2:1). Шаваевым, 59 (2:2). Чичбэ, 70 (3:2).

Дагъуэ къ1ухуащІащ: Пащтым, Стрельник, Чичбэ, Никитиным, Коломийцевым, Бахъсэнокъуэм.

ИПЭ ДЫДЭ дакъикъэм къ1ыщІщІэдзауэ зэпеуэм зэрыхьыхьэн хуейр щащ1ыгъупщауэ къ1ыщІэкІынущ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм вэсэмахуэ Краснодар щрагъэкІуэкІа зэІущІэм. Е, хэт ищІэн, къапэщІэуваехэр зэрыщІалэ дыдэм (ику иту я ныбжьыр илъэс пщ1ыкІубГу хъууэ арат) тыншу текІуэну къащ1гъэхъуа? Сытми, джэгур ирагъажьэри, дакъикъэ пщ1ыкІущ дэкІауэ арат ди щІалэхэр 0:2-уэ къ1ыхагъащІэу щ1ыхуэжьам.

Апхуэдэ щ1ытыкІэ хъэлъэм къ1ыкІыжьигъуафІэхьыр. Псом хуэмыдэу зыщІапІэ ущ1ыгъ. Зи Іззагъкіи лъэщагъкІи ефІэкІынныгъэ зиІэ «Спартак-Налшык» хуабжьу гугъу зригъэхьын хуей хъуащ Краснодарым и ещанэ командэм (адрейхэр хэти премьер-лигэм, хэти япэ дивизионым щ1ыджэгу) лъэщ1ыхьэжьн папщІэ. «ВыщІэхэри» (аращ хэгъэрейхэм я щІалейр) псынщІэу япэ зэрищам игъэгужьеижри, ик1уэтащ, текІуэныгъэр къ1ахуэзэ1ых бжыгъэр яхьумэн я гугъэу.

ЕтІуанэ топыр къ1ыщ1ыхудагъэкІа епщ1ыкІущанэ дакъикъэм щ1ыщІэдзауэ налшыкдэсхэм тепщэныгъэр яубыдащ. Абыхэм адэкІэ ик1уэтыпІэ я1этэкъым. ГурыІуэгъуэт мыгувэу хэгъэрейхэр зэретІысэхынур. Апхуэдэуи къэхъуащ. ЕплІыщІанэ дакъикъэм ди щІалэхэр зэуа топым «Краснодар-3»-м и гъуащхьэтетым ерагъкІэ къригъэгъэзащ. Абы къ1ыгъеижам кІэлъеуа ди гъуащхьауэр гъуэм и пкъом техуащ. Ещанэ щ1ыдунращ топыр щ1ыдэкІар.

ЗэрыфІахьэху бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъуам игъэгушхуауэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр загъэпсэхуну ик1ащ. ДжэгупІэ губГуэм къ1ыззэрихьэжуи я ебГъэрыкІуэныгъэ зэпщэхъуам щ1ыдэщхьэм къ1ыпльэ. Апхуэдэхэм ящ1ыщ щ1ыдэщ. Апхуэдэхэм ящ1ыщ щ1ыдэщ. Абдежым Пащты Руслан Іэзэу къ1ыщ1ыхьэ топым Шаваев Магомед щхьэкІэ еуэри, бжыгъэр зэхуэдэ ищІащ.

АдэкІэ ущ1ыгуГъ хъунут «Краснодар-3»-м и футболист ныбжьыщІэхэм я лъэр щІэхупэу налшыкдэсхэм текІуэныгъэр зэрырагъэхьэну. Арщ1ыкІэ, дэнэт?! Бжыгъэр зэхуэдэ зэращ1ыжамкІэ Іуэхуэр зэфІэкІауэ абыхэм къащ1ыхъ1ащ ик1и яебГъэрыкІуэныгъэм зэуэ кІэрагъэхуащ. Пасэу зыІэрагъэхьа тепщэныгъэр зыІэщІэкІ «Краснодар-3»-м ар къ1игъэсэбэпри, джэгур и унафэм щІигъэуващ. Дакъикъэ зыбГунущ1 нэхъ дэмыкІыу хэгъэрейхэр аргуэру япэ ищащ. Чичбэ къ1эуа штрафнойм ди гъуащхьэтет Антиповым пэлъэщащкъым. Адрей топхэр ящ1ыщдагъэкІами хуэдэу, абы ди командэр къ1ухуегъэлащкъым.

Аргуэру бжыгъэр зэхуэдэ ящ1ыжьну е, нэхъыфІыжрати, текІуэныгъэм щІэбэныным «Спартак-Налшыкым» къару иІэжтэкъым - махуищ ипэкІэ зэІущІэ гугъу абы Ставрополь щрригъэкІуэкІат. Арати, 2:3-уэ къ1ухагъэщІащ ик1и япэ джэгугъуищым зы очко закъуэ фІэкІа щ1ызыІэрамыгъэхьауэ турнир таблицэм и к1эух увыпІэхэм къ1ыщхутащ. Абы и щ1ыужкІэ Урысей Федерацэм и кубокым екъэлІа зэхьэзэхуэм бзэржьей к1уам къ1ыхатэжкІащ, Ставрополь щ1ыІэу щ1ыпІэ «Динамо»-м 1:4-уэ къ1ыхигъащІэри. Аратэкъым дэ абы дыз3рящ1ыгугъар.

Иджы щ1ыгъуазэ фыхэтщ1ынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ вэсэмахуэ зэхэта джэгуГъуэм къриКІуа бжыгъэхэм: «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Интер**» (Черкесск) - **3:1**, «**Легион Динамо**» (Мэхъчкъалэ) - «**Анжи**» (Мэхъчкъалэ) - **4:1**, **СКА** (Дон Іус Ростов) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **1:2**, «**Дружба**» (Мейкьуапэ) - «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **1:0**, « «**Кубань-Холдинг** (Павловск) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **1:1**, «**Есэнтыгу**» (Есэнтыгу) - **Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:2**, «**Форте**» (Таганрог) - «**Кубань**» (Краснодар) - **0:2**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щрригъэкІуэкІынущ. Щ1ыщхьэуІум и 29-м абы къригъэблэгъэнущ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щ1ызыбудахэм ящ1ыщ Павловскэм и «Кубань-Холдинг»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фі.	Т.	О.
1.	**«Кубань»**	**3**	**3**	**0**	**0**	**12-2**	**9**
2.	«Кубань-Холдинг»	3	2	1	0	7-3	7
3.	«Легион Динамо»	3	2	1	0	5-1	7
4.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	3	2	0	1	8-6	6
5.	«Анжи»	3	2	0	1	6-5	6
6.	«Краснодар-3»	3	2	0	1	4-3	6
7.	«Динамо-Ставрополь»	3	2	0	1	5-5	6
8.	«Черноморец»	3	1	1	1	2-2	4
9.	«Форте»	3	1	0	2	4-3	3
10.	«Интер»	2	1	0	1	4-5	3
11.	СКА	3	1	0	2	2-3	3
12.	«Биолог-Новокубанск»	3	1	0	2	4-6	3
13.	«Мэхъэчкъалэ»	3	1	0	2	2-5	3
14.	«Дружба»	3	1	0	2	2-7	3
15.	**«Спартак-Налшык»**	**3**	**0**	**1**	**2**	**2-4**	**1**
16.	«Есэнтыгу»	2	0	0	2	1-4	0
17.	**«ТІуапсы»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**3-9**	**0**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокьуэ Элэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Къардэн Маринэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щ1хьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●